



“MIAMI-DADE COUNTY PUBLIC SCHOOLS (M-DCPS)” (LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY) PLAN ANGAJMAN PARAN AK FANMI ‘TITLE I’ NAN NIVO DISTRI A POU ANE 2023-2024

“The 2023-2024 District-level Parent and Family Engagement Plan (PFEP)” (Plan Angajman Paran ak Fanmi 2023-2024 nan Nivo Distri a), te devlope ann akò ansanm moun ki konsène (egz. anplwaye, fanmi, manm kominotè, eks.) ak an konfòmite avèk regilasyon sou finansman federal [Seksyon 1112(C) ak Seksyon 1116] Title I. Plan an dekri fason Distri a ap chèche kontakte tout paran ak manm nan fanmi pou enplemante pwogram, aktivite, ak pwosedi ki pwomouvwa angajman paran ak fanmi. Anplis PFEP Title I nivo Distri a toujou disponib pou paran ak manm fanmi timoun nan lekòl Title I ki ap patisipe yo.

DIMANSYON PATISIPASYON M-DCPS SOU ANGAJMAN PARAN AK FANMI

Nou distribye bay paran ak fanmi elèv ki anwole nan lekòl Title I “Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) Sondaj sou Angajman Paran ak Fanmi Title I ann (Anglè, Espayòl e an Kreyòl), sou entènèt e alekri, nan fen chak ane lekòl. Anplis, lekòl ki ap enplemante Pwogram Title I atravè tout Lekòl yo te distribye tou Sondaj Title I sou Angajman Paran ak Fanmi nan nivo Lekòl la pou paran elèv ki nan lekòl la. Nou itilize done sondaj yo pou fè yon evalyasyon sou kontni e efikasite Pwogram Angajman Paran ak Fanmi an e pou fè planifikasyon pou ane k ap suiv la.

DEKLARASYON MISION SOU ANGAJMAN PARAN AK FANMI

Mision Pwogram Angajman Paran ak Fanmi Title I Lekòl Leta Miami-Dade County a se pou amelyore angajman enpòtan paran nan agrandi ekite ak aksè, amelyore aksè defans, ak ranfòse kapasite tout enterese yo pou yo vin patisipan aktif nan sipòte amelyorasyon ki mezirab pou akonplisman elèv yo. Pou rive fè sa a, M-DCPS pral sèvi ak Pati A Rezèv Patipasyon Paran ak Fanmi TITLE I la, pou fè aktivite ak estrateji sa yo.

ANGAJMAN PARAN YO

“Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) pral ofri fòmasyon pou tout anplwaye lekòl ki ap patisipe nan Pwogram Title I Atravè tout Lekòl yo sou fason pou entegre paran yo nan devlopman PFEP Title I atravè tout “Local Education Agency (LEA)” (Ajans Edikasyonèl Lokal), plan ‘LEA’ a, fason yo pral depanse fon yo rezève pou paran ak fanmi ak tout aspè Pwogram Title I atravè tout Lekòl yo. “The Title I District Advisory Council (DAC)” (Konsèy konsiltatif Title I Distri a) ak twa (3) “Title I Regional Parent Advisory Council (PAC)” (Konsèy Konsiltatif Rejyonal Paran Title I) ki gen ladan paran ak anplwaye ki soti nan diferan nan lekòl, ki eli paran elèv ki enskri nan lekòl ki enplemante Pwogram Title I Atravè tout Lekòl yo, pou sèvi pandan peryòd 2023-2024 la, pral revize e adrese bezwen adisyonèl lekòl ki ap patisipe yo. Komisyon egzekitif DAC ak ofisyè PAC pral fè reyinyon ak aktivite pou angajman paran ak fanmi yo. Dimansyon ak lòd demand ak sekans pou angajman paran yo pral gen ladan ajanda pou reyinyon DAC ak PAC yo. Siyè Agenda yo ka enkli: enplike paran yo ak fanmi yo nan planifikasyon ak aplikasyon Pwogram Tit I nan tout lekòl la nan lekòl k ap patisipe yo; itilize egzijans minimòm alokasyon Tit I lekòl la pou sipòte [Seksyon 1112(C) ak Seksyon 1116], Kondisyon Angajman Paran ak Fanmi; fè Reyinyon Anyèl Paran Tit I nan kòmansman ane lekòl la pou enfòmasyon paran yo sou patipasyon lekòl la nan Pwogram Title I nan tout lekòl la; bay enfòmasyon sou Pwosedi Konsiltasyon ak Plent M-DCPS yo; devlope, distribye ak revize PFEP Tit I distri ak nivo lekòl la; ki ap fè Reyinyon Anyèl Paran Title I nan kòmansman ane lekòl la pou enfòmasyon paran yo sou patipasyon lekòl la nan Pwogram Title I Atravè tout Lekòl yo; ofri enfòmasyon sou Pwosedi Konsiltasyon ak Pote Plent nan M-DCPS; devlope, distribye e revize PFEP Title I an nan nivo Distri ak Lekòl; distribye Lèt Notifikasyon ann Anglè, Espayòl ak an Kreyòl; e devlope, distribye e revize Akò Lekòl-Paran Title I yo, ki disponib tou nan plizyè Lang. Chak PAC Title I pral reyini yon minimòm (3) fwa pandan ane lekòl la, pou jwenn ide paran yo pou sipòte devlopman kontinyèl PFEP atravè LEA a. Komite Egzekitif DAC a ka avize Depatman Administrasyon Title I Distri a sou fason yo ka depanse fon yo rezève pou angajman paran ak fanmi yo. Lekòl ki ap enplemante Pwogram Title I atravè tout Lekòl yo pral etabli yon “Excellence School Advisory Council (EESAC)” (Konsèy Konsiltatif sou Ekselans Lekòl). Konsa, EESAC pral mete ansanm tout moun ki konsène, ki gen ladan paran e l ap angaje yo nan pran desizyon sou fason lekòl la pral depanse fon yo rezève pou angajman paran ak fanmi.

ASISTANS TEKNIK POU LEKÒL KI AP PATISIPE NAN PWOGRAM TITLE I ATRAVÈ TOUT LEKÒL YO

Distri a pral ofri kowòdinasyon, asistan teknik, ak lòt sipò ki nesèsè pou asiste lekòl ki ap patisipe nan Pwogram Title I atravè tout Lekòl yo nan planifikasyon ak enplemantasyon aktivite angajman paran ak fanmi ki efikas. Efò sa a pral ede nan devlope kapasite paran pou amelyore akonplisman akademik pitit yo e ogmante pèfòmans lekòl yo an jeneral, atravè mwayen ak aktivite ki ap suiv yo: semine fòmasyon pou direktè lekòl ki ap enplemanje pwogram Title I 2023-2024 a Atravè tout Lekòl yo; "Parent Portal" (Pòtal Paran) M-DCPS; sipò Distri a ofri pou Sant Resous Paran nan lekòl yo; fòmasyon M-DCPS disponib pou asiste chak lekòl nan jere efikasman Excellence School Advisory Council (EESAC)" (Konsèy konsiltatif sou Ekselans Lekòl); Pwojè 'UP-START', Pwogram M-DCPS pou Edikasyon pou Jèn ki Ap Viv nan Tranzisyon nan Miami-Dade County; "The Parent Academy (TPA)" (Akademi Paran an); ansanm ak aktivite devlopman pwofesyonèl nou fè atravè Sant Fòmasyon pou "Community Involvement Specialists (CIS)" (Espesyalis Patisipasyon Kominotè)/"Community Liaison Specialists (CLS)" (Espesyalis Lyezon Kominotè) Title I yo. Anplis, CIS/CLS nan lekòl la pral sèvi kòm yon pon ant lakay, lekòl ak kominote a pou fasilite atelye ak sesyon fòmasyon, enfòmasyon, resous, apèl telefonik, vizit lakay, ansanm ak aktivite nan lekòl la ak kominote a ki pral ranfòse kapasite paran an pou angajman ak sipò pou akonplisman elèv la.

Li nesèsè pou lekòl ki enplemanje Pwogram Title I Atravè tout lekòl yo pou soumèt elektwonikman PFEP Title I nan nivo Lekòl la, chak ane. Anplwaye "Accountability and Technical Assistance Team (A-TAT)" (Ekip Asistans sou Responsablite ak Teknik) Depatman Administrasyon Title I an pral revize soumisyon elektwonik PFEP Title I nan nivo Lekòl la e ofri asistans teknik ak sipò pou asire konfòmite ak tout demand Seksyon 1116 nan "Every Student Succeeds Act (ESSA)" (Akò Tout Elèv Reyisi). Anplis, nan fè efò pou ede lekòl yo plis pou satisfè demand lwa a, anplwaye nan A-TAT pral fè vizit asistans teknik nan kèk lekòl Title I yo chwazi pou asire konfòmite avèk tout demand [Seksyon 1112(C) ak Seksyon 1116].

LEA pral ofri lòt sipò rezonab pou aktivite angajman paran ak fanmi anba Seksyon 1116, jan paran ka mande atravè Reyinyon Jeneral DAC Title I, (minimòm de (2) pa ane e nan aswè/sou entènèt); reyinyon PAC Title I, (Minimòm de (2) pa ane pou chak rejyon administratif nan Distri a, nan diferan lè ak andwa pou maksimize patisipasyon paran ak fanmi); ak reyinyon/atelye nan lekòl Title I yo pou paran ak fanmi pandan tout ane lekòl la. Sijè ajanda reyinyon sa yo ka gen ladan: Konsèy efikas pou Angajman Paran ak Fanmi; Regade e Revize PFEP Title I M-DCPS la; ak Pratik Angajman Fanmi ak Paran. Nou pral ofri Paran ak fanmi yo enfòmasyon ak materyèl pou ede yo amelyore akonplisman akademik pitit yo. Anplis, nou pral ofri paran ak fanmi yo enfòmasyon ak fòmasyon nan domèn itilizasyon teknoloji, ladrès sou lavi, ak bezwen sèvis kominotè. Distri a pral ofri lekòl yo gid adisyonèl sou angajman paran ak fanmi nan Liv Machasuiv Administrasyon Title I an, ki se yon resous adisyonèl ki disponib pou lekòl ki ap patisipe nan Pwogram Title I Atravè Tout Lekòl yo. Liv machasuiv la gen ladan enfòmasyon sou tout eleman Pwogram Title I Atravè tout Lekòl yo, ki gen ladan demand espesifik Seksyon 1116 Akò ESSA a, tankou modèl platfòm PFEP ak Akò Lekòl-Paran. Anplis, sit Entènèt Depatman Administrasyon Title I an <http://title1.dadeschools.net>, ak sit entènèt Kolaborasyon ak Konfòmite nan nivo Lekòl Title I yo disponib pou sipòte tout lekòl Title I ki ap patisipe.

**KOWÒDINASYON AK ENTEGRASYON ESTRATEJI ANGAJMAN PARAN AK FANMI
NAN TITLE I, PATI A AVÈK LÒT PWOGRAM FEDERAL**

| | | |
|---|--|--|
| 1 | Pwogram Migran Title I | Anba sipèvizyon Direktè Egzekitif Pwogram Migran an, anplwaye ofri sèvis enstriksyonèl ak sipò siplemantè pou travayè migran ak fanmi yo atravè plizyè eleman, ki gen ladan Pwogram Aprantisaj Timoun Migran Anbazaj Bonè ansanm avèk Depatman Administrasyon Title I an. |
| 2 | "Project UP-START" (Pwojè UP-START) | Anba sipèvizyon Direktè Pwojè UP-START la (Lyezon Sanzabri Distri a), Sansibilizasyon Kominotè Pwogram Edikasyon Sanzabri a, Lyezon Sanzabri Lekòl yo, distribye enfòmasyon sou atelye fòmasyon ki fèt pou paran yo. Anplis, yo envite Direktè Sansibilizasyon Kominotè a pou pale nan reyinyon "Community Involvement Specialists (CIS)" (Espesyalis Patisipasyon Kominotè)/"Community Liaison Specialists (CLS)" (Espesyalis Lyezon Kominotè) ak paran Title I yo, pou yo pataje enfòmasyon sou sèvis ak resous ki disponib pou elèv ak fanmi ki ap viv nan lojman enstab (sètadi sityasyon sanzabri). |
| 3 | Akademi Paran an | Anba sipèvizyon Direktè a, Akademi Paran Lekòl Leta Miami-Dade County a se yon inisyativ atravè Distri a ki fèt pou sipòte angajman famiyal ak kominotè atravè Distri a. Akademi Paran an fè patenarya avèk òganizasyon lokal ak nasyonal yo pou ofri yon gran varyete resous gratis nan yon efò pou ede paran vin patnè konplè nan edikasyon piit yo. |
| 4 | "Early Childhood Programs" (Pwogram Edikasyon Bonè pou Timoun Anbazaj) | Anba sipèvizyon Direktè Administratif "Program Early Childhood" (Pwogram Edikasyon Bonè pou Timoun Anbazaj), anplwaye sipòte angajman ak patisipasyon paran jèn timoun avèk yon varyete eksperyans enpòtan atravè pwogram 'Head Start' 'Early Head Start' ak "Voluntary Pre-Kindergarten" (Klas Matènèl Volontè), an konjonksyon avèk Depatman Administrasyon Title I. |
| 5 | Edikasyon Elèv Eksepsyonèl | Anba sipèvizyon Direktè Administratif Biwo Sèvis ak Sipò Edikasyonèl la, Depatman Edikasyon Elèv Eksepsyonèl la sèvi timoun ak fanmi atravè Distri a nan devlope, kowòdone, ak kontwole pwogram ki sipòte elèv ki gen andikap yon fason pou asire pratik kourikoulòm, ak pratik konpòtman yo devlope yon fason pou satisfè bezwen edikasyonèl elèv yo. |
| 6 | Pwogram Sèvis Edikasyonèl Altènatif | Anba sipèvizyon Direktè Administratif Pwogram Sansibilizasyon Sèvis Edikasyonèl Altènatif la, Direktè ak Asistan Direktè Lekòl la, ansanm ak anplwaye yo ofri sipò ak sèvis enstriksyonèl anplis pou elèv ki neglije ak sa ki delenkan ansanm ak fanmi yo. Biwo a ede tou avèk pwopagasyon enfòmasyon konsènan disponiblite fòmasyon pou paran, evènman/aktivite, atelye ak lòt enfòmasyon ki gen rapò avèk edikasyon apre lekòl segondè. |

**EVALYASYON ÆNYÈL KONTNI AK EFIKASITE RÈG
SOU ANGAJMAN PARAN AK FANMI**

Nou ap fè yon Sondaj Anyèl sou Angajman Paran ak Fanmi Title I M-DCPS anvan fen ane lekòl la pou evalye kontni ak efikasite aktivite sansibilizasyon angajman paran ak fanmi yo nan amelyore kalite akademik, Pati A Title I lekòl yo atravè evolasyon ane a. Anplis, sondaj la ap ede nan idantifye baryè pou yon meyè patisipasyon paran nan aktivite ki sanksyone yo. N ap itilize rezilta nou jwenn nan evalyasyon an pou kreye estrateji ki pi efikas pou ane lekòl ki ap vini an. Nou pral fè yon efò kolaboratif pou enfòmasyon paran sou disponiblite ak enpòtans sondaj sa a nan reyinyon "Community Involvement Specialists (CIS)" (Espesyalis Patisipasyon Kominotè)/"Community Liaison Specialists (CLS)" (Espesyalis Lyezon Kominotè), Title I Distri a ak Rejyon an, Bilten Nouvèl 'Title I DAC Talk' pou Paran Title I, Bilten Trimestriyèl Title I, 'SchoolMessenger', ak feyè. Sondaj sa a ap disponib sou Entènèt ann Anglè, Espayòl e an Kreyòl pou paran ranpli. Anplis, vèsyon ekri sondaj la pral disponib nan lekòl yo ak nan reyinyon Distri a pou

fasilite paran yo ranpli sondaj la. CIS/CLS lekòl la oubyen moun ki kontakte paran yo pral kontakte paran yo pou ankouraje e ede elèv yo nan ranpli sondaj la. Apre sa, Distri a pral sèvi ak rezilta sondaj la pou devlope LEA atravè Title I PFEP pou nouvo ane lekòl la e PFEP nan nivo Lekòl Title I an pou tout lekòl nan Pwogram Title I an. Tout lekòl ki ap enplemanje Pwogram Title I Atravè tout Lekòl la pral pwograme reyinyon pou paran yo anvan fen ane lekòl la kote patisipan yo pral idantifye baryè ki jennen paran ak fanmi yo pou patisipe nan aktivite angajman paran ak fanmi yo pandan ane lekòl la e idantifye etap lekòl la pral pran pou defèt baryè yo idantifye yo. Anplis de sa, Biwo Evalyasyon Pwogram nan pral fè yon evalyasyon anyèl pou Pwogram Title I Atravè tout Lekòl la, ki gen ladan Pwogram Angajman Paran ak Fanmi. Evalyasyon an pral konsantre sou rezilta sèvis nou ofri paran ak fanmi yo.

DEVLOPE KAPASITE LEKÒL AK PARAN

| Kantite | Kontni ak Kalite Aktivite | Moun ki Responsab | Enpak Nou Prewwa sou Akonplisman Elèv | Frekans | Evidans Efikasite |
|---------|--|--|--|-----------------------|--|
| 1 | <p>Kontni: Responsabilize paran yo, avèk enfòmasyon, resous ak sèvis ki disponib atravè lekòl la, Distri a e kominote a</p> <p>Aktivite: Koneksyon avèk ajans kominotè ki ofri sèvis sipò pou paran ak fanmi.</p> | CIS/CLS Title I, Anplwaye, Direktè, ak CIS/CLS Depatman Administrasyon Title I | Kolekte done atravè soumisyon Rapò Mansyèl pou Lekòl, ki dokimante sèvis sipò nou bay paran atravè yon pwosesis rekòmandasyon bay ajans kominotè, nan yon efò pou adrese bezwen espesifik ki pral kontribye nan amelyore akonplisman akademik elèv | Chak Mwa | <ul style="list-style-type: none"> • Rekòmandasyon Paran sou Lis Ajans Kominotè yo • Fòm Rekòmandasyon nan Ajans Kominotè ki tou Ranpli • Rapò Lekòl sou Angajman Paran ak Fanmi Chak Mwa |
| 2 | <p>Kontni: Ofri rekòmandasyon sou bi ak etap ki nesèsè pou amelyore Pwogram Title I Atravè tout Lekòl yo; devlope e revize ansanm ak Distri a, LEA Title I PFEP an; e ede nan enfòmè paran timoun ki ap patisipe Reyinyon Anyèl Paran an Konsènan Benefis Pwogram Tit I nan Tout Lekòl la, reyinyon Distri a, ak lòt reyinyon paran, jan li apwopriye</p> <p>Aktivite: Reyinyon Konsèy Administrasyon DAC Title I an</p> | Ofisye DAC ki eli, Direktè Distri, Direktè Distri Depatman Administrasyon Title I, Direktè Egzekitif, ak anplwaye nou seleksyone nan Title I | Nou pral sèvi ak ide e rekòmandasyon yo fè pou etabli objektif, inisyativ, ak aktivite ki pral sipòte akonplisman akademik elèv | Out 2023- Jen 2024 | <ul style="list-style-type: none"> • Kominikasyon elektwonik • Feyè • Ajanda • Feyè prezans • Feyè nou Bay |

| Kantite | Kontni ak Kalite Aktivite | Moun ki Responsab | Enpak Nou Prewwa sou Akonplisman Elèv | Frekans | Evidans Efikasite |
|---------|--|---|---|-----------------------|---|
| 3 | <p>Kontni: Ofri enfòmasyon atravè reyinyon, sesyon fòmasyon (an pèsòn oswa a distans), ak sipò teknik nan andwa lekòl la pou ede anplwaye lekòl yo konplete efikasman Nivo-lekòl Title I PFEP</p> <p>Aktivite: Reyinyon, sesyon fòmasyon, sipò ak asistans Teknik M-DCPS</p> | Anplwaye Distri a nou seleksyone | Ogmante angajman paran nan devlopman ak revizyon Nivo-lekòl Title I PFEP | Out 2023- Jen 2024 | <ul style="list-style-type: none"> • Sesyon enfòmasyon chak Semèn • Ajanda • Rezime Reyinyon yo • Fey prezans • Feyè nou bay • Rapò Adezyon ak Title I nan nivo Lekòl yo • Prezantasyon 'PowerPoint' |
| 4 | <p>Kontni: Enfòme anplwaye sou patisipasyon lekòl yo nan nan pwogram Pati A Title I an, e eksplike demand "Every Student Succeeds Act (ESSA)" (Akò Chak Elèv Fè Sikse) avèk aksan sou akonplisman akademik elèv atravè angajman paran ak fanmi</p> <p>Aktivite: Reyinyon Ouvèti Lekòl yo</p> | Depatman Administrasyon Title I ak administratè nan lekòl yo | Amelyore konpreyansyon anplwaye yo sou demand ESSA avèk aksan sou akonplisman akademik atravè angajman paran ak fanmi | Vè fen oktòb 2023 | <ul style="list-style-type: none"> • Ajanda • Fey prezans • Feyè nou bay • Prezantasyon 'PowerPoint' |
| 5 | <p>Kontni: Konpile enfòmasyon sou fason lekòl Title I yo ap pwogrese nan sipòte paran ak angajman famiyal atravè livrezon ansèyman.</p> <p>Enfòmasyon nou konpile yo pral ede nan devlopman LEA ak PFEP nan nivo lekòl pou ane lekòl ki ap vini an</p> <p>Aktivite: Sondaj sou Angajman Paran/Fanmi Title I M-DCPS</p> | Direktè Distri, Direktè Egzekitif, Anplwaye nou Seleksyone nan Title I, ak Direktè Rechèch ak Evalyasyon, Biwo Evalyasyon Pwogram | Bay enfòmasyon ki pral amelyore livrezon sèvis sipò ki ranfòse relasyon ant paran ak lekòl la nan fason enpòtan e ki amelyore akonplisman akademik. | Me-Jiyè 2024 | <ul style="list-style-type: none"> • Kominikasyon elektwonik (Bay Enfòmasyon Chak Semèn) • Konpilasyon Rezilta Sondaj yo |

| Kantite | Kontni ak Kalite Aktivite | Moun ki Responsab | Enpak Nou Prewwa sou Akonplisman Elèv | Frekans | Evidans Efikasite |
|---------|--|--|---|--------------------------------------|---|
| 6 | <p>Kontni: Bay paran ak fanmi elèv nan lekòl ki ap enpleman Pwogram Title I yon opòtinite anplis pou patisipe nan edikasyon pitit yo.</p> <p>Aktivite: “DAC Talk” (Konferans DAC), Nouvèl pou Paran Title I</p> | Direktè Distri, Direktè Egzekitif Depatman Administrasyon Title I ak anplwaye nou seleksyone nan Title I | Distribye piblikasyon ki fèt pou prezante nouvo ajou sou konsèy pou paran, tandans aktyèl nan edikasyon ak atik ki enfòme paran sou fason pou yo vin pi angaje nan akonplisman akademik pitit yo, konsa devlope kapasite paran pou angajman famiyal ki anpil sans | Out 2023- Jen 2024 | <ul style="list-style-type: none"> • Nouvèl DAC pou Paran Title I • Kominikasyon elektwonik • Fèy prezans pou Reyinyon Jeneral DAC. |
| 7 | <p>Kontni: Enfòmasyon yo sou patisipasyon nan lekòl pwogram Pati A, Title I e eksplike demand “Every Student Succeeds Act (ESSA)” (Akò Chak Elèv Fè Siksè) konsènan angajman fanmi ak paran e dwa paran yo pou patisipe nan pwogram sa yo, ansanm ak pwovizyon “Parents’ Right-to-Know” (Dwa pou Paran Konnen) anba ESSA</p> <p>Aktivite: Reyinyon Anyèl Paran Konsènan Benefis Pwogram Tit I nan tout Lekòl la dirije pa lekòl la</p> | Depatman Administrasyon Title I ak administratè Andwa Lekòl | Ogmante enfòmasyon pou paran konsènan Pwogram Title I ak ESSA, nan yon efò pou devlope kapasite angajman paran yo | Pandan 1ye semès ane lekòl aktyèl la | <ul style="list-style-type: none"> • Ajanda • Fèy prezans • Feyè • Prezantasyon PowerPoint • Pakè Dokimantasyon pou Reyinyon Anyèl Title I pou Paran • Rapò adezyon ak Title I nan nivo lekòl • Done nou soumèt Chak Mwa atravè Rapò Lekòl sou Angajman Paran ak Fanmi |

FÒMASYON ANPLWAYE

| Kantite | Kontni ak Kalite Aktivite | Moun ki Responsab | Enpak Nou Prewwa sou Akonplisman Elèv | Frekans | Evidans Efikasite |
|---------|--|---|--|---------------------|---|
| 1 | <p>Kontni: Ofri asistans teknik, sipò, ak siveyans pou anplwaye nan andwa lekòl yo ka ofri yon pwogram efikas pou angajman paran ak fanmi.</p> <p>Aktivite: "Accountability and Technical Assistance Team (A-TAT)" (Ekip Responsablite ak Asistans Teknik Administrasyon Title I</p> | Direktè Distri, Direktè Egzekitif Depatman Administrasyon Title I, ak Anplwaye nou Seleksyone nan Title I | Ranfòse kapasite anplwaye lekòl pou sipòte akonplisman akademik elèv yo atravè asistans teknik ak sipò | Out 2023 – Jen 2024 | <ul style="list-style-type: none"> • Konnikasyon elektwonik • Ajanda sesyon fòmasyon • Fèy prezans • Feyè nou Bay • Prezantasyon 'PowerPoint' • Rapò adezyon nivo lekòl Title I |
| 2 | <p>Kontni: Pataj enfòmasyon avèk anplwaye ki ap bay lekòl Title I sipò konsènan demand Seksyon 1116 ESSA, ansanm ak meyè pratik e estrateji pou ogmante angajman paran ak fanmi</p> <p>Aktivite: Sansibilizasyon Paran ak Fanmi ak Reyinyon Anplwaye Inite Konfòmite</p> | Direktè Distri, Direktè Egzekitif Depatman Administrasyon Title I, ak Anplwaye nou Seleksyone nan Title I | Amelyore konpreyansyon anplwaye Distri a konsènan enplemantasyon Pwogram Angajman Paran ak Fanmi Title I an, ak sipò akonplisman akademik elèv yo | Out 2023- Jen 2024 | <ul style="list-style-type: none"> • Ajanda • Fèy prezans • Feyè nou bay |
| 3 | <p>Kontni: Bay enfòmasyon atravè reyinyon, fòmasyon/atelye pou ede lekòl yo enplemante efikasman Pwogram Angajman Paran ak Fanmi Title I an</p> <p>Aktivite: Reyinyon M-DCPS, Sesyon Fòmasyon ak Atelye</p> | Anplwaye nou Chwazi nan Distri a | Amelyore konpreyansyon anplwaye lekòl yo konsènan enplemantasyon Pwogram Angajman Paran ak Fanmi Title I an, pou sipòte akonplisman akademik elèv yo | Out 2023- Jen 2024 | <ul style="list-style-type: none"> • Ajanda • Fèy prezans • Feyè nou Bay • Prezantasyon 'PowerPoint' |

| Kantite | Kontni ak Kalite Aktivite | Moun ki Responsab | Enpak Nou Prewwa sou Akonplisman Elèv | Frekans | Evidans Efikasite |
|---------|--|--|---|-------------------------|--|
| 4 | <p>Kontni: Enfòmè anplwaye yo sou patisipasyon lekòl yo a nan pwogram Pati A Title I, e eksplike kondisyon ESSA yo avèk mete aksan sou akonplisman elèv atravè angajman paran ak fanmi e ofri yon rezime sou pwogram federal tankou sa ki fèt pou Migran yo ak Pwojè UP-START.</p> <p>Aktivite: Sesyon fòmasyon Title I pou konfòmite fasiltatè nan lekòl yo</p> | Administrasyon Depatman Title I ak Administratè nan lekòl yo | Amelyore konpreyansyon anplwaye yo konsènan kondisyon ESSA yo avèk aksan sou akonplisman akademik elèv atravè angajman paran ak fanmi | Vè fen oktòb 2023 | <ul style="list-style-type: none"> • Ajanda • Fèy prezans • Feyè nou Bay • Resous vityèl/seminè sou entènèt sou sit Title I |
| 5 | <p>Kontni: Ofri yon varyete opòtinite devlopman anplwaye ki solid, dewot kalite pou pèmèt CIS/CLS yo sipòte e angaje paran ak fanmi yo efikasman, transmèt enfòmasyon ki esansyèl bay paran yo sou disponibilite ki genyen nan Distri a, lekòl yo, ak resous kominotè yo; e konpile tout dokimantasyon yo mande kòm sipò konsènan angajman paran ak fanmi nan Title I</p> <p>Aktivite: Sant Fòmasyon Title I pou CIS/CLS</p> | Direktè Distri, Direktè Egzekitif Depatman Administrasyon Title I, ak Anplwaye nou Seleksyone nan Title I | Amelyore ladrès CIS/CLS yo kòm anbasadè lekòl, nan yon efò pou sipòte akonplisman elèv atravè angajman efikas paran ak fanmi | Out 2022- Jen 2023 | <ul style="list-style-type: none"> • Kominikasyon elektwonik • Ajanda • Fèy prezans • Feyè nou Bay • Prezantasyon 'PowerPoint' • Rapò Konplè sou Adezyon • Atelye sou entènèt sou sit entènèt Title I |
| 6 | <p>Kontni: Pwomouvwa adezyon ak manda lokal, eta, e federal konsènan enplemantasyon Pwogram Title I an</p> <p>Aktivite: Fòmasyon pou Direktè Lekòl nan Enplemantasyon Pwogram Title I an atravè Lekòl yo an 2023-2024</p> | Direktè Administratif, Direktè Distri, Direktè Egzekitif Depatman Administrasyon Title I, ak Anplwaye nou Seleksyone nan Title I | Amelyore konpreyansyon Direktè Lekòl yo konsènan kondisyon "Every Student Succeeds Act (ESSA)" (Akò Chak Elèv Fè Sikse), pou sipòte akonplisman akademik atravè angajman paran ak fanmi | Septanm 2023 Oktòb 2023 | <ul style="list-style-type: none"> • Kominikasyon elektwonik • Ajanda • Fèy prezans • Feyè nou bay • Prezantasyon 'PowerPoint' • Asirans Direktè Lekòl yo Fòm-7560 |

KOMINIKASYON AK AKSESIBLITE

Nou pral ofri lekòl yo PFEP Title I M-DCPS atravè tout LEA yo (Distri) a, ann Anglè, Espayòl e an Kreyòl, pou ofri opòtinite total pou patisipasyon tout paran. Reyinyon Anyèl Paran lekòl yo sou Benefis Pwogram Title I nan tout lekòl la ak/oswa minit reyinyon paran yo ak ajanda yo pral reflekte diskisyon sou PFEP Title I nan tout LEA ki gen kounye a, PFEP Title I nan nivo Lekòl yo, ak Akò Lekòl-Paran Title I ansanm ak alokasyon finansman pou angajman paran ak fanmi. Distri a ap fè kantite tantativ posib pou enfòmasyon paran yo sou enpòtans patisipasyon yo, atravè mwayen kominikasyon sa yo: "SchoolMessenger" (Mesaj Telefonik Lekòl yo ap voye) ak mesaj tèks sou telefòn pou kay paran elèv ki ap patisipe nan Pwogram Title I Atravè Lekòl la; lèt n ap voye dirèkteman lakay paran yo; bilten enfòmasyon Title I pou Paran; siy Title I pou lekòl yo (lè sa aplikab); feyè n ap bay elèv pote lakay; piblisite nan jounal; medya sosyal; televizyon; e/oubyen anons nan radyo oubyen lòt korespondans elektwonik.

Nou ap fè efò rezonab pou ede paran yo nan lang pa yo e pou ede paran ki gen bezwen espesyal, yon fason pou ba yo enfòmasyon konsènan bezwen ak dwa "English Learners (EL)" (Elèv ki ap Aprann Anglè) ak timoun edikasyon espesyal yo. Nou ap mete paran yo okouran de disponiblite sèvis entèpretasyon similtan ann Espayòl e an Kreyòl nan tout reyinyon Title I DAC ak PAC yo. Nou voye anons reyinyon Title I DAC ak PAC yo elektwonikman bay CIS/CLS nan nan lekòl yo, oubyen yon moun yo dezilyen alavans pou yo ka distribye bay tout paran. Anons pou reyinyon sa yo gen ladan notifikasyon konsènan bezwen espesyal yo remèt bay Depatman Administrasyon Title I, donk pou yo ka ede ogmante patisipasyon paran ki gen bezwen espesyal. Nou bay paran yo opòtinite pou pataje sijesyon ak opinyon yo pandan reyinyon paran yo. Anplwaye nou yo revize e enplemannte sijesyon yo, jan sa apwopriye.

Nou ap bay paran yo plis opòtinite atravè "Migrant Early Childhood Learning Program (MECLP)" (Pwogram Aprantisaj Bonè pou Timoun Migran Anbazaj), "Migrant Achievement Resources (MAR)" (Resous Akonplisman pou Migran), "Migrant Academic Planning and Achievement (MAPA)" (Planifikasyon ak Akonplisman Akademik pou Migran), ansanm ak sèvis sipò. Nou ap entegre paran ki ap patisipe nan atelye, konferans paran-pwofesè, ak lòt aktivite ant lekòl ak kominote a pou paran sa yo ka vin jwe wòl patnè nan pwosesis edikasyonèl pitit yo. Pwogram alfabetizasyon famiyal yo fè pati Sant Resous pou Fanmi yo ansanm ak lekòl lokal ki nan Pwogram Edikasyon Migran yo.

Nou ap voye divès kominikasyon ki soti nan Distri a ak nan lekòl yo ann Anglè, Espayòl e an Kreyòl tankou: Lèt Notifikasyon pou Paran Title I, Akò Lekòl-Paran Title I, Enfòmasyon konsènan Dwa pou Paran yo Enfòmasyon, Reyinyon Anyèl Paran Konsènan Benefis Pwogram Tit I atravè Lekòl yo, bilten nouvèl nan lekòl la, feyè ak notifikasyon sou fòmasyon paran, ansanm ak pèfòmans akademik elèv Title I yo nan evalyasyon eta a nan Lekti/Redaksyon Anglè, Matematik, Syans, ak Syans Sosyal. Nou ka jwenn enfòmasyon konsènan evalyasyon eta a nan <https://www.fldoe.org/>.

AKTIVITE DISKRESYONÈ POU DEVLOPE KAPASITE PARAN POU YO PATISIPE NAN LEKÒL

| Kantite | Aktivite | Deskripsyon Estrateji Enplemantasyon | Moun ki Responsab | Enpak Nou Pevwa sou Akonplisman Elèv | Frekans |
|---------|---|--|---|--|-------------------|
| 1 | Fòme paran pou ogmante patisipasyon lòt paran [Seksyon 1116(e)] | Fòmasyon/Atelye Akademi Paran an ede paran vin patnè total nan edikasyon piti yo. | Ofisye Lyezon Familyal, anplwaye Depatman FSS, Anplwaye Akademi Paran, ak anplwaye Title I yo seleksyone | Ogmantasyon angajman paran ak fanmi, ki pral ede plis nan ogmante akonplisman akademik elèv | Out 2023-Jen 2024 |
| 2 | Pwograme reyinyon oubyen fè konferans nan telefòn nan lè ki fleksib pou paran ki pa ka asiste konferans nan lekòl yo regilyèman [Seksyon 1116(e)] | Nou ankouraje lekòl ki ap enplemanje Pwogram Title I Atravè lekòl yo pou yo pwograme reyinyon e/oubyen atelye sou entènèt yo nan diferan lè ak jou atravè ane lekòl la, pou ofri opòtinite pou paran ka patisipe atravè divès modalite e/oubyen konferans Zoom oubyen reyinyon a distans nan telefòn, pou ogmante patisipasyon paran nan nivo maksimòm li. | Direktè Distri, Direktè Egzekitif Depatman Administrasyon Title I, ak Anplwaye nou Seleksyone nan Title I | Ogmante angajman paran ak fanmi lè nou pèmèt patisipasyon paran ki pa ka asiste reyinyon regikye ki pwograme yo nan nivo maksimòm, ki kapab ede plis nan ogmante akonplisman akademik elèv | Out 2023-Jen 2024 |
| 3 | Adopte e enplemanje apwòch modèl pou amelyore angajman paran ak fanmi [Seksyon 1116(e)] | Manm "Department of Title I Accountability & Technical Assistance Team (A-TAT)" (Depatman Ekip Responsablite ak Asistans Teknik) la pwograme kontwòl sou plas, asistans teknik ak sipò ansanm ak reyinyon/seminè sou entènèt Sant Fòmasyon pou CIS/CLS yo ofri devlopman pwofesyonèl ki fèt pou amelyore ladrès yo kòm anbasadè lekòl yo. | Direktè Distri, Direktè Egzekitif Depatman Administrasyon Title I, ak Anplwaye nou Seleksyone nan Title I | Ogmante kantite anplwaye nan lekòl yo pou responsabilize paran yo avèk enfòmasyon, resous e sèvis, pandan n ap amelyore akonplisman akademik elèv yo | Out 2023-Jen 2024 |
| 4 | Etabli yon "Parent Advisor Council (PAC)" (Konsèy Konsiltatif pou Paran) nan chak rejyon yo pou bay konsèy sou tout kesyon ki gen rapò ak angajman paran e fanmi nan Pati A pwogram Title I nan [Seksyon 1116(e)] | Komite Egzekitif Title I PAC la konsye Depatman Administrasyon Title I sou kesyon ki gen rapò ak angajman paran e fanmi nan lekòl Title I yo e li sipòte planifikasyon ak enplemantasyon Pwogram Title I Atravè Lekòl la. | Direktè Distri, Direktè Egzekitif Depatman Administrasyon Title I, ak Anplwaye nou Seleksyone nan Title I | Pwomote aprantisaj elèv atravè yon anviwònman familyal dakèy lè nou fasilite pataj enfòmasyon konsènan resous ak sèvis ki disponib atravè Distri a | Out 2023-Jen 2024 |

| Kantite | Aktivite | Deskripsyon Estrateji Enplemantasyon | Moun Responsab | Enpak Nou Prewwa sou Akonplisman Elèv | Frekans |
|---------|--|--|---|--|-----------------------|
| 5 | Etabli yon Konsèy konsiltatif pou Paran (DAC) atravè tout LEA yo pou bay konsèy sou tout kesyon ki gen rapò ak angajman paran ak fanmi nan Pati A pwogram Title I yo [Seksyon 1116(e)] | Komite Egzekitif Title I DAC la konsye Depatman Administrasyon Title I sou kesyon ki gen rapò ak angajman paran e fanmi nan lekòl Title I yo e li sipòte planifikasyon ak enplemantasyon Pwogram Title I Atravè Lekòl la | Direkte Distri, Direkte Egzekitif Depatman Administrasyon Title I, ak Anplwaye nou Seleksyone nan Title I | Kreyasyon yon komite konsèy ki konsantre sou paran yo pou fasilite difizyon enfòmasyon konsènan resous ak sèvis ki disponib atravè lekòl ak Distri a, yon fason pou pwomouvwa yon anviwònman famiyal ki pwomote aprantisaj | Out 2023- Jen 2024 |
| 6 | Fasilite seminè sou entènèt ak sesyon fòmasyon sou sijè ki fèt pou ankouraje e maksimize angajman paran an kolaborasyon avèk Depatman FSS e Akademi Paran an | Enplemantasyon seminè sou entènèt sa yo ap fèt chak lane atravè Sondaj sou Angajman Paran/Fanmi Title I ak Evalyasyon Title I, Biwo Evalyasyon Pwogram Distri a fè | Ofisye Lyezon Fanmi, Anplwaye Depatman FSS, ak Anplwaye Akademi Paran an | Amelyore abilite paran pou ede e defann pitit yo yon fason ki efikas e pwomote enpòtans pou gen yon relasyon pozitif ant paran e anplwaye lekòl la yon fason pou bay meyè rezilta pou elèv | Out 2023- Jen 2024 |

REZIME SOU DEVLOPMAN KAPASITE 2023-2024

| Kantite | Kontni ak Kalite Aktivite | Kantite Aktivite | Kantite Patisipan | Enpak Nou Prewwa sou Akonplisman Elèv |
|---------|--|------------------|-------------------|--|
| 1 | Kontni: Manm Konsèy Egzekitif DAC yo ofri rekòmasyon sou objektif ak etap ki dwe ranpli pou amelyore Pwogram Title I; yo devlope e revize, an kolaborasyon avèk LEA yo, "Title I Parent and Family Engagement Plan (PFEP)" (Plan Title I pou Angajman Fanmi); e yo ede nan enfòmasyon paran konsènan Reyinyon Anyèl pou Paran Title I yo, reyinyon Distri yo, ak lòt reyinyon pou paran, lè sa apwopriye. Aktivite: Reyinyon Konsèy Egzekitif DAC | 5 | 77 | Ranfòse relasyon ant paran ak lekòl nan fason ki siyifikatif e ki sipòte akonplisman akademik |
| 2 | Kontni: Patisipan yo devlope e revize PFEP Distri a, an kolaborasyon avèk Depatman Administrasyon Title I; yo resevwa enfòmasyon konsènan egzijans Pwogram Title I an, ak dwa paran yo genyen pou yo patisipe; e yo te responsabilize yo avèk enfòmasyon, resous ak sèvis ki disponib atravè lekòl la, Distri a ansanm ak kominote a Aktivite: Reyinyon Jeneral DAC Title I | 3 | 1,224 | Ranfòse relasyon ant paran ak lekòl nan fason ki siyifikatif e ki sipòte akonplisman akademik |
| 3 | Kontni: Devlope e revize PFEP atravè tout LEA yo, an kolaborasyon avèk Depatman Administrasyon Title I; resevwa enfòmasyon konsènan egzijans Pwogram Title I yo, ak dwa paran yo genyen pou yo patisipe; pataje enfòmasyon, resous ak sèvis ki disponib atravè lekòl la, Distri a, ansanm ak kominote a. Aktivite: Reyinyon PAC Title I | 12 | 1,892 | Ranfòse patenarya ant paran ak lekòl nan fason ki siyifikatif e ki sipòte akonplisman akademik |

| Kantite | Kontni ak Kalite Aktivite | Kantite Aktivite | Kantite Patisipan | Enpak Nou Prewa sou Akonplisman Elèv |
|---------|---|------------------|-------------------|--|
| 4 | <p>Kontni: Konpile enfòmasyon sou fason lekòl Title I yo ap sipòte angajman paran ak fanmi nan edikasyon pitit yo.</p> <p>Nou itilize enfòmasyon nou resevwa yo nan devlopman PFEP Title I nan nivo Distri ak nivo Lekòl pou ane 2023-2024 la.</p> <p>Aktivite: Sondaj Title I M-DCPS sou Angajman Paran ak Fanmi pou ane lekòl 2023-2024 a</p> | 1 | 2,246 | Resevwa kòmantè ak sijesyon paran sou fason pou amelyore akonplisman akademik elèv |
| 5 | <p>Kontni: Ofri aktivite, atelye, materyèl resous ak sipò chak mwa pou amelyore abilite paran ak moun k ap pran swen timoun pou yo pi byen sipòte aprantisaj pitit yo</p> <p>Aktivite: Sant Resous Paran nan Nan Lekòl</p> | 6,129 | 496,994 | Enpleman pwogram ak aktivite ki te sipòte akonplisman akademik elèv |
| 6 | <p>Kontni: Amelyore relasyon elèv-pwofesè; ogmante angajman paran ak fanmi e ede nan devlopman kapasite paran pou amelyore akonplisman akademik elèv</p> <p>Aktivite: Pwogram "Challenging Higher Education for Students in our Schools (CHESS)" (Ankouraje Edikasyon Siperyè pou Elèv nan Lekòl Nou yo)</p> | 70 | 7,031 | Enpleman pwogram ak aktivite ki te sipòte akonplisman akademik elèv |

BARYÈ KI TE JENNEN PATISIPASYON PARAN NAN AKTIVITE ANGAJMAN PARAN AK FANMI POU 2023-2024

| Kantite | Baryè | Etap Lekòl la Ap Pran pou L Fè Siksè |
|---------|--|--|
| 1 | Orè Travay Paran/Konfli Tan | Avèk asistans ak kontwòl Distri a, lekòl yo pral oblije ofri yon kantite reyinyon ak atelye sou entènèt ki fleksib, nan maten, nan aprèmidi, ak aswè, nan jou ki diferan nan semèn nan e ki ofri opòtinite pou redui konfli avèk orè travay paran yo, pou ankouraje patisipasyon paran nan evènman sa yo. |
| 2 | Akomodasyon pou Paran ki Gen Bezwen Espesyal | Avèk asistans ak kontwòl Distri a, lekòl yo pral ofri opòtinite egal pou patisipasyon paran ki gen bezwen espesyal, lè nou fè akomodasyon ki nesèsè yo (ofri reyinyon sou entènèt). |
| 3 | Kolaborasyon avèk Patnè Kominotè yo | Distri a ap ofri kowòdinasyon, asistans teknik ansanm ak lòt sipò ki nesèsè pou ede devlope kapasite anplwaye yo nan planifye e enpleman aktivite angajman paran ak fanmi ki efikas. Òganizasyon ki gen yon eksperyans efikasite yo ka pwouve nan angaje e nan fè paran ak fanmi patisipe, n ap kontakte yo pou ede bati kapasite anplwaye yo pou rive jwenn bonjan angajman paran ak fanmi. |

MEYÈ PRATIK POU 2023-2024

| Kantite | Kontni/Objektif | Deskripsyon Aktivite |
|---------|---|--|
| 1 | <p>Kontni: Ofri atelye sou entènèt ansanm ak sesyon fòmasyon vityèl pou paran ak fanmi atravè Title I DAC ak PAC</p> <p>Objektif: Reyinyon atelye/fòmasyon pou devlope kapasite paran</p> | Paran ak fanmi yo te jwenn opòtinite pou patisipe nan Reyinyon Jeneral Komite Konsèy Title I (DAC) Distri a ki fèt nan divès lekòl atravè Distri a sou Zoom. Paran ak fanmi yo te jwenn opòtinite tou pou yo resevwa sèvis transpò nan otobis pou ale nan Reyinyon Jeneral Komite Konsèy Title I (DAC) Distri a ki fèt nan divès lekòl atravè Distri a. Gen anpil lòt difikilte transpò nou te rezoud lè n te bay paran ak fanmi yo opòtinite pou patisipe nan atelye/fòmasyon atravè reyinyon apèl konferans a distans. |
| 2 | <p>Kontni: Fòmasyon Solid pou CIS/CLS Title I yo</p> <p>Objektif: Devlopman Pwofesyonèl</p> | Anplwaye Depatman Administrasyon Title I yo te bay CIS/CLS yo fòmasyon sou fason pou yo idantifye patnè kominotè epi etabli yon patenarya solid pou ede asire fanmi ak elèv resevwa sèvis sipò/rekòmandasyon nan moman yo bezwen yo. Fòmasyon sa a te ogmante konesans yo konsènan ajans kominotè lokal ki disponib pou ofri sèvis ak pwogram ki ka ede ranfòse angajman paran ak fanmi. |